**Pou Piblikasyon Imedya:** 12/10/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

***Pozitivite Eta New York san entèvansyon nan espas ki nan Zòn Wouj yo pa ladan se 1.05 pousan; pozitivite total Eta New York se 1.12 pousan***

***40 pousan admisyon lopital yè yo ki soti nan espas ki nan zòn pwen cho nan konte rejyon sid ak Southern Tier ke Eta a ap siveye apre ogmantasyon resan nan ka yo***

***12 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

***SLA ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a Vizite 641 Etablisman; Obsève 5 Etablisman ki Pa Konfòm***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. To pozitivite Eta New York san entèvansyon nan espas ki nan Zòn Wouj (Red Zones) yo te 1.05 pousan pou rezilta tès yè yo. To pozitivite jeneral Eta a se 1.12 pousan.

Nan espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" ke yo ajoute nan kad Inisyativ Aksyon sou Fwaye Gouvènè (Governor's Cluster Action Initiative) a, to pozitivite a pou rezilta tès ke yo te rapòte yè yo se 3.70 pousan - yon bès soti nan mwayèn 6.13 pousan semèn pase a - sepandan, li enpòtan pou nou remake ke rezilta tès wikenn lan yo pa souvan reflete sitiyasyon aktyèl la epi rezilta tès yo pandan pwochen jou yo pral ede montre enpak efò resan yo pou konbat epidemi sa yo. Espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo genyen 2.8 pousan popilasyon Eta a, sepandan yo te genyen 17.6 pousan nan tout ka pozitif ke yo te rapòte semèn pase a bay Eta New York.

"Nan New York estrateji nou an se pou nou idantifye ti fwaye yo. Nou fè plis tès pase nenpòt lòt Eta, kidonk nou genyen plis done. Nou obsede tou pou nou jwenn kantite ka ki ap antre lopital yo. Lè ou fè kat jewografik ka sa yo ou ap jwenn pi gwo predominans ka yo nan yon espas jewografik. Sa se yon ti fwaye", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou genyen yo to enfeksyon ki apwoksimativman 1 pousan nan tout Eta a, sa ki trè ba konpare avèk lòt Eta yo. Si nou jwenn yon espas kote to a se 2 pousan sa se yon ti fwaye. Twa pousan nan anpil Eta tap yon zòn san danje - nan New York, nou konsidere li yon ti fwaye. Kidonk nou ap fè analiz sible paske nou genyen gwo kapasite pou fè tès,

epi nou pral kontinye kite done ak lasyans dirije apwòch nou an pou nou kenbe viris la sou kontwòl."

Yon konparezon ant New York ak lòt Eta yo pa rapò ak done sou COVID-19 la disponib anba la a:

| Eta a | Popilasyon | Total tès yo fè pandan 7 jou pase yo | Pik nan tès pa semèn yo | Lè nou atenn pik la | Tès pa jou (mwayèn sou 7 jou) yo | Pozitivite (mwayèn sou 7 jou) |
|---|---|---|---|---|---|---|
| New York | 19,453,561 | 834,342 | 834,342 | 10/11/2020 | 119,191 | 1.17% |
| Illinois | 12,671,821 | 421,563 | 421,563 | 10/11/2020 | 60,223 | 4.20% |
| Massachusetts | 6,892,503 | 413,503 | 482,334 | 9/27/2020 | 59,071 | 1.00% |
| Texas | 28,995,881 | 349,666 | 520,978 | 10/4/2020 | 49,952 | 7.60% |
| Ohio | 11,689,100 | 266,646 | 285,488 | 10/4/2020 | 38,092 | 3.70% |
| Michigan | 9,986,857 | 246,035 | 246,035 | 10/11/2020 | 35,147 | 3.30% |
| North Carolina | 10,488,084 | 227,282 | 227,282 | 10/11/2020 | 32,468 | 6.00% |
| New Jersey | 8,882,190 | 180,678 | 220,828 | 10/4/2020 | 25,811 | 3.00% |
| Florida | 21,477,737 | 153,616 | 428,634 | 7/19/2020 | 21,945 | 11.70% |
| Virginia | 8,535,519 | 142,942 | 142,942 | 10/11/2020 | 20,420 | 4.80% |
| Washington | 7,614,893 | 138,482 | 138,482 | 10/11/2020 | 19,783 | 2.60% |
| Georgia | 10,617,423 | 132,421 | 210,408 | 8/9/2020 | 18,917 | 6.40% |
| Pennsylvania | 12,801,989 | 110,691 | 110,691 | 10/11/2020 | 15,813 | 7.80% |
| Arizona | 7,278,717 | 70,034 | 94,399 | 7/5/2020 | 10,004 | 6.90% |

Nan espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo, yo te rapòte 2,190 rezilta tès yè, sa ki te bay 81 pozitif oswa yon to pozitivite 3.70 pousan. Nan rès Eta a, san konte espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo, yo te rapòte 89,603 rezilta tès, sa ki te bay 948 pozitif oswa yon to pozitivite 1.05 pousan.

Espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo genyen 2.8 pousan popilasyon Eta a sepandan yo te genyen 7.9 pousan nan tout rezilta tès pozitif yo te rapòte nan Eta a yè, epi 17.6 pousan nan tout rezilta ka yo te rapòte bay Eta a semèn pase a. To pozitivite pou rezilta tès yo nan semèn pase sa a nan espas "Zòn Wouj" yo te 6.13 pousan semèn pase a, yon bès lejèman pa rapò ak semèn avan an jan yo montre sa nan tablo anba la yo. Dèske rezilta tès yè yo soti nan done ke yo rapòte pou wikenn lan, nou pral bezwen done anplis nan jou semèn lan pou nou evalye tandans aktyèl yo ak efè efò yo pou konbat pwopagasyon viris la nan espas entèvansyon 'zòn wouj' yo.

| ZÒN ENTÈVANSYON | % Pozitif pou semèn 27/9 rive 3/10 | Semèn pase a (4/10 rive 10/10) | % Pozitif yè (11/10) |
|---|---|---|---|
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn wouj Brooklyn yo | 6,69% | 5,86% | 4,54% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan % zòn wouj Queens yo | 2,97% | 3,36% | 1,63% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan % zòn wouj Rockland yo | 12,29% | 9,77% | 12,90% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn wouj Orange yo | 24,64% | 12,41% | 3,51% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan tout zòn wouj yo | 6,91% | 6,13% | 3,70% |
| % Pozitif nan tout Eta a avèk espas entèvansyon nan zòn wouj yo ladan | 1,25% | 1,18% | 1,12% |
| % Pozitif nan tout Eta a san espas entèvansyon nan zòn wouj yo pa ladan | 1,02% | 1,01% | 1,05% |

| | Semèn 27/9 rive 3/10 | Semèn pase a (4/10 rive 10/10) | Yè (11/10) |
|---|---|---|---|
| Pousantaj ka pozitif Eta a ki soti nan espas entèvansyon zòn wouj yo | 21,80% | 17,60% | 7,90% |

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te vizite 641 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 5 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Nassau** - 5

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 878 (+58)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 122
- **Lopital Konte yo** - 39
- **Kantite ICU** - 185 (-1)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 86 (+2)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 77,691 (+60)
- **Kantite Lanmò** - 12
- **Kantite Lanmò Total** - 25,587

Sou 122 nouvo admisyon nan lopital yè yo, 40 pousan te soti nan espas pwen cho ke Eta New York ap siveye yo nan konte rejyon sid yo--Orange, Rockland, Brooklyn ak Queens--ak kèk pati nan Southern Tier kote ogmantasyon resan ak fwaye yo te devlope, gen ladan konte Broome, Chemung, ak Steuben. Eta a ap deplwaye resous tès anplis nan kominote yo pou espas sa yo pandan pwochen jou yo.

Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| REJYON | VANDREDI | SAMDI | DIMANCH |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 0.4% | 0.6% | 0.9% |
| Central New York | 0.9% | 0.9% | 1.4% |
| Finger Lakes | 0.7% | 0.9% | 0.8% |
| Long Island | 1.1% | 1.0% | 1.2% |
| Mid-Hudson | 1.5% | 1.1% | 1.9% |
| Mohawk Valley | 0.7% | 0.2% | 0.4% |
| New York City | 1.1% | 1.1% | 1.1% |
| North Country | 0.2% | 0.2% | 0.2% |
| Southern Tier | 1.1% | 0.9% | 0.9% |
| Western New York | 1.4% | 1.4% | 1.1% |

Pousantaj rezilta tès pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| MINISIPALITE | VANDREDI | SAMDI | DIMANCH |
|---|---|---|---|
| Bronx | 1.0% | 1.2% | 1.5% |
| Brooklyn | 1.4% | 1.5% | 1.2% |
| Manhattan | 0.6% | 0.4% | 0.6% |
| Queens | 1.2% | 1.2% | 1.4% |
| Staten Island | 1.4% | 1.0% | 1.3% |

Nan total 475,315 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|---|---|---|
| Albany | 3,304 | 11 |
| Allegany | 151 | 1 |
| Broome | 2,485 | 43 |
| Cattaraugus | 362 | 4 |
| Cayuga | 246 | 2 |
| Chautauqua | 695 | 4 |
| Chemung | 985 | 27 |
| Chenango | 277 | 2 |
| Clinton | 179 | 0 |
| Columbia | 624 | 3 |

| | | |
|---|---|---|
| Cortland | 317 | 16 |
| Delaware | 149 | 1 |
| Dutchess | 5,259 | 7 |
| Erie | 12,154 | 47 |
| Essex | 179 | 1 |
| Franklin | 71 | 0 |
| Fulton | 352 | 0 |
| Genesee | 359 | 1 |
| Greene | 388 | 5 |
| Hamilton | 15 | 0 |
| Herkimer | 361 | 2 |
| Jefferson | 185 | 1 |
| Lewis | 55 | 0 |
| Livingston | 225 | 3 |
| Madison | 511 | 0 |
| Monroe | 6,453 | 32 |
| Montgomery | 245 | 0 |
| Nassau | 47,998 | 65 |
| Niagara | 1,902 | 7 |
| NYC | 250,757 | 393 |
| Oneida | 2,549 | 10 |
| Onondaga | 4,807 | 28 |
| Ontario | 519 | 3 |
| Orange | 12,869 | 27 |
| Orleans | 352 | 2 |
| Oswego | 552 | 2 |
| Otsego | 360 | 0 |
| Putnam | 1,689 | 6 |
| Rensselaer | 985 | 5 |
| Rockland | 16,760 | 43 |
| Saratoga | 1,158 | 9 |
| Schenectady | 1,459 | 5 |
| Schoharie | 94 | 0 |
| Schuyler | 72 | 5 |
| Seneca | 120 | 1 |
| St. Lawrence | 345 | 0 |
| Steuben | 702 | 12 |
| Suffolk | 47,493 | 62 |
| Sullivan | 1,650 | 1 |
| Tioga | 352 | 7 |
| Tompkins | 481 | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| Ulster | 2,366 | 8 |
| Warren | 430 | 1 |
| Washington | 318 | 1 |
| Wayne | 365 | 3 |
| Westchester | 39,001 | 107 |
| Wyoming | 152 | 0 |
| Yates | 72 | 1 |

Yè, te gen 12 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,587. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

| **Ka lanmò yo dapre konte rezidans** | |
|---|---|
| **Konte** | **Nouvo ka lanmò yo** |
| Erie | 1 |
| Orange | 2 |
| Queens | 2 |
| Richmond | 1 |
| Seneca | 1 |
| Steuben | 4 |
| Westchester | 1 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU